# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–01 अगस्त 2024 भोजपुरी समाचार

श्रीकृष्ण जन्मभूमि अउर शाही ईदगाह मस्जिद के विवाद पर इलाहाबाद हाईकोर्ट आजु महत्वपूर्ण फैसिला सुनवले हवे। हाई कोर्ट श्रीकृष्ण जन्मभूमि कटरा केशव देव के जमीन से शाही ईदगाह मस्जिद क अवैध कब्जा हटवले क मांग के लेके दाखिल सीविल वाद पोषणीयता पर मस्जिद पक्ष के आपत्ति के खारिज कै दिहले हवे। कोर्ट के येह फैसिला से मंदिर पक्ष खातिर ढेर राहत मिलल हउवे। न्यायमूर्ति मयंक कुमार जैन भगवान श्रीकृष्ण विराजमान कटरा केशव देव के सथहीं अट्ठारह गो सिविल वाद पर ई फैसिला सुनवले हवें। हाईकोर्ट येह मामिला में बारह अगस्त से वाद के सुनवाई कइले क आदेस दिहले हवे।

**********

पेरिस ओलंपिक दुइ हजार चउबीस में आजु भारत के एगो अउरियो महत्वपूर्ण सफलता मिलल। ओलम्पिक में पुरूसन के पचास मीटर राइफल थ्री पोजिसन प्रतिस्पर्धा में भारतीय निसानेबाज स्पप्निल कुसाले कांस्य पदक जीतले। भारत क मौजूदा ओलम्पिक खेलिनि में ई तिसरा मेडल हउवे। भारत के पेरिस ओलम्पिक में अबले मिलल तिन्नो पदक निसानेबाजिये क हवे। स्वप्निल कुसाले पचास मीटर राइफल के येह प्रतियोगिता में पदक जीते वाला पहिला भारतीय हउवें। उनके येह उपलब्धी पर राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मु, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ बधाई दिहले हवें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहले हवें कि प्रदेस में हो रहल पूंजीगत व्यय येह बाति के देखावे ला कि बजट क पइसा बड़हन निरमाण में लगि रहल हवे। मुख्यमंत्री आजु विधानसभा के मॉनसून सत्र के अनुपूरक बजट पर सदन के सम्बोधित करत रहलें। उहां के कहलीं कि वर्तमान समय में उत्तर प्रदेस आपन जियादेतर जरूरति के पूरा कइले में खुदे सक्षम हो चुकल हवे। श्री योगी कहलें कि आजु प्रदेस क जीडीपी अउर प्रति व्यक्ति आय दुगुना से जियादे बढ़ल हउवे। मुख्यमंत्री बुनयादी ढांचा, सिक्षा, स्वास्थ्य, निवेस अउर रोजिगार के सथहीं अउरियो क्षेत्र में भइल प्रगति क जनकारी सदन के दिहलें। मुख्यमंत्री बतवलें कि सरकार बहुत जल्दिये जेवर इण्टरनेसनल एयरपोर्ट के चालू कइले अउर महाकुंभ से पहिले गंगा एक्सप्रेस–वे के मेन कैरिज–वे क निरमाण पूरा कइले के दिसा में तेजी से कार कइ रहल हवे।

**********

फरौरी दुइ हजार चउबीस में आयोजित ग्राउंड ब्रेकिंग सेरेमनी के चउथा संस्करण में निवेस परियोजना के सुभारम्भ के पांच महिन्ना के भित्तरे एक लाख चउदह हजार रूपिया से जियादे परियोजना क वाणिज्य उत्पादन सुरू हो गइल हउवे। ई जनकारी प्रदेस क औद्योगिक विकास मंत्री नंद गोपाल नंदी आजु विधानसभा में बिपक्षी सदस्य के सवाल के जबाब में बतवलें। उहां के बतवलीं कि ग्राउंड ब्रेकिंग सेरेमनी में मिलल निवेस परियोजना में से तीनि हजार नौ सौ चौरासी परियोजना क वाणिज्य संचालन सुरू कै दिहल गइल हवे।

**********

मेरठ, सहारनपुर, बागपत अउर मुजफ्फरनगर जिलन मे आजु मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के निरदेस पर प्रसासन की ओरि से कांवड़ियन पर हेलीकॉप्टर से पुष्प वर्षा कइल गइल। येह तरह क अभूतपूर्व अभिनंदन से उत्साहित कांवड़िया लोगि जमि के भगवान भोले शंकर क जयकारा लगवलें। जवने जिलन में हेलीकॉप्टर से फूल बरसावल गइल ओइजा क जिलाधिकारी अउर पुलिस अधीक्षक हवाई सर्वेक्षण कइ के कांवड़ियन के सुरक्षा व्यवस्था क जायजो लिहलें।

**********

भगवान श्रीराम क नगरी अजोध्या के सड़किनि पर पर्यटक अउर सरधालुअन के जल्दिये गोल्फ कार्ट से घुमले क सुविधा मिले लागी। एकरे खातिर अयोध्या विकास प्राधिकरण पहिला फेरा में पचास गोल्फ कार्ट खरिदले हवे। येह गोल्फ कार्ट के गुप्तार घाट के बगइचा में खड़ा कइल गइल हउवे। अयोध्या विकास प्राधिकरण दुसरका फेरा में सौ गो गोल्फ कार्ट खरीदी।

**********

प्रदेस सरकार तय सेड्यूल के मोताबिक सज्जो क्षेत्रन के अबाध रूप से बिजुली दिहले क निरदेस दिहले हवे। नगर विकास अउर ऊर्जा मंत्री ए.के. शर्मा कहलें कि ग्रामीण इलाकन में अठारह घंटा, तहसीलि मुख्यालय स्तर पर साढ़े एक्कइस घंटा अउर जिला मुख्यालय स्तर पर चउबीस घंटा बिजुली आपूर्ति क सेड्यूल प्रदेस सरकार तय कइले हवे।

**********

परिवार कल्याण कार्यक्रम के बढ़ावा देवे बदे एक जून से एकतीस जुलाई ले चलल विश्व जनसंख्या स्थिरता अभियान में वाराणसी जिला महिला नसबंदी में सर्वश्रेष्ठ प्रदर्सन करत प्रदेस में पहिला स्थान पवले हवे।

**********

प्रदेस के कई गो जिलन में अजुओ हल्लुक से मध्यम बरखा भइल। हलांकि बरखा के बाद पूरबी क्षेत्र के जिलन में तेज घाम निकरले से लोगिन के उमस भरल गरमी से परेसानी भइल। मौसम विभाग प्रदेस के पच्छिमी अउर पूरबी हिस्सन में बिहनहूं हल्लुक से मध्यम बरखा क अनुमान जतवले हवे। येह बिच्चे श्रावस्ती जिला के हथियाकुंडा नाला में अचक्के में बाढ़ि आ गइले से कई गो गांव घेरा गइल हउवें। एकरे सथहीं श्रावस्ती में राप्ती नदी क जलस्तरो खतरा के चीन्हा से सत्तर सेंटीमीटर उप्पर पहुंचि गइल हवे। प्रसासन राहति अउर बचाव टीमि के अलर्ट कइ दिहले हवे।

**********